

Bonjou Fanmi yo,

Pa gen lontan, sant pou okipe timoun nou an fè patnè avèk Inisyativ "Sèvi avèk Swen ak Edikasyon nan Bonè pou Fanmi Vin pi Solid [Strengthening Families through Early Care & Education]". Lide sa a ki nouvo ak enteresan ap aplike kounye a nan sant pou okipe timoun piti ki nan 25 eta nan peyi a, epi l ap devlope chak ane.

Inisyativ pou Fanmi Vin pi Solid la se pa yon pwogram, men se yon lòt jan pou wè kouman sant ki okipe timoun kapab pote enfòmasyon, ankourajman, ak fòs pou timoun ak pou fanmi yo. Se yon metòd enteresan kote sant yo ak fanmi yo ap travay ansanm pou bay sipò ak afeksyon, ansanm ak direksyon, pou ede timoun piti nou yo. Metòd sa a pral bay fanmi chans:

- Pou kontinye travay sou kalite pozitif ki genyen nan chak fanmi
- Pou rankontre lòt fanmi epi pale sou esperyans yo fè
- Pou kapab jwenn resous kominotè

Pandan ane lekòl ki pral vini an, nou swete pou w fè patnè avèk nou pandan n ap dekouvri lòt jan pou nou travay ansanm, epi tou nouvo metòd pou nou jwenn sa nou tout vle a - timoun ki gen sekirite, lasante, ak kè kontan epi ki jwenn sipò nan fanmi ki solid.



Fanmi ak
Pwofesè
k ap Travay
Ansanm
pou Timoun
Nou yo.